



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO KAD POU REYALIZE SIS JIGAWAT
ESTOKAJ ENÈJI K AP MENNEN NAN NASYON AN 2030**

Plan konplè pwopoze pou elaji pwogram estokaj enèji ki pote siksè nan Eta a pou debloke kwasans rapid enèji renouvlab yo epi ranfòse fyabilite rezo a ak rezistans kliyantèl la

Deplwaman estokaj yo prevwa redui depans sistèm elektrik yo nan tout eta a alavni nan prèske 2 milya dola si yo apwouve li

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou pwodui 70 pousan elektrisite Eta a apati sous renouvlab yo dis 2030 ak 100 pousan elektrisite zewo emisyon dis 2040

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo kad pou Eta a reyalize yon sis jigawat estokaj enèji k ap mennnen nan peyi a dis 2030, ki reprezante omwen 20 pousan gwo chay elektrisite nan Eta New York. Plan an, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York te soumèt bay Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la pou konsiderasyon, pwopoze yon seri rekòmandasyon konplè pou elaji pwogram estokaj enèji New York yo pou debloke kwasans rapid enèji renouvlab yon fason ki efikas an matyè pri atravè eta a ak ranfòse fyabilite rezo ak rezistans kliyantèl la. Si yo apwouve li, plan an pral sipòte yon devlopman deplwaman estokaj yo prevwa ki pral redui depans sistèm elektrik yo prevwa alavni nan tout eta a nan prèske 2 milya dola, anplis ogmante benefis nan fòm amelyore sante piblik akòz ekspozisyon redwi ak polyan gaz fosil danjere yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou pwodui 70 pousan elektrisite Eta a apati sous renouvlab yo dis 2030 ak 100 pousan elektrisite zewo emisyon dis 2040

"Estoke enèji, renouvlab pwòp ak fè livrezon li kote ak lè li nesèsè se youn nan defi ki pi enpòtan nou dwe simonte pou redwi emisyon nan tout eta a, espesyalman nan santral tradisyonèl gaz fosil ki gen plis demann yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan sa a pral sèvi kòm yon modèl pou lòt eta yo swiv lè yo maksimize itilizasyon enèji renouvlab yo pandan y ap pèmèt yon transfòmasyonki solidak rezistannan rezo elektrik la."

NYSERDA ak DPS te evalye refòm potansyèl sou mache yo ak anpil atansyon ak mekanis akizasyon ki efikas an matyè pri pou reyalize sis jigawat, epi idantifye bezwen rechèch ak devlopman pou akselere inovasyon teknoloji, sitou pou estokaj ki dire lontan. Ajans yo tou te konsidere apwòch pou devlopman estokaj enèji nan yon fason ki fè avanse eliminasyon santral elektrik gaz fosil ki pi polisyon nan eta a, jan Gouvènè Hochul te pwopoze nan diskou sou sityasyon Eta a 2022 li a.

Plan sa a pwopoze aplikasyon pwogram NYSERDA dirije nan direksyon pou jwenn yon lòt 4.7 jigawat nouvo pwojè atravè sektè estokaj enèji an gwo (a gran echèl), an detay (kominotè, komèsyal ak endistriyèl), ak rezidansyèl nan Eta New York. Acha fiti sa yo, ansanm ak 1.3 gigawatt estokaj enèji ki deja egziste nan kad kontra ak Eta a epi k ap avanse nan direksyon operasyon komèsyal yo, pral pèmèt Eta a reyalize objektif sis jigawat la anvan 2030.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Akselere adopsyon estokaj enèji atravè eta a pral pèmèt plis enèji ewolyèn ak solè entegre nan rezo elektrik nou an, pandan y ap amelyore kalite lè a pou anpil kominote ki istorikman afekte pa polisyon ki pwodui pa gaz fosil. Apati pwogrè New York te fè nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, plan sa a pral ofri yon chemen pou endistri a fè patenarya avèk nou pou pote pwochen vag pwojè ki pral ede Nouyòkè yo reyalize avantaj teknoloji enpòtan sa a."

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Gouvènè Hochul se yon sipòtè kle nan devlopman estokaj enèji nan Eta New York. Kad ke yap pwopoze a bay New York resous li bezwen pou akselere tranzisyon nou an nan yon ekonomi enèji pwòp epi atenn objektif klimatik enpòtan nou yo."

Plan pwopoze:

1. 3,000 megawat nouvo estokaj an gwo, sa ki ase pou alimante apeprè yon milyon kay pou jiska kat èdtan, ki dwe pral achte atravè yon nouvo mekanis konpetitif Kredi Estokaj Endekse, ki prevwa bay sètitud alontèm nan pwojè yo pandan y ap maksimize ekonomi pou konsomatè yo;
2. 1,500 megawat nouvo estokaj an detay, sa ki ase pou alimante apeprè 500,000 kay pou jiska kat èdtan, ak 200 megawat nouvo estokaj rezidansyèl, sa ki ase pou alimante 120,000 kay pou jiska dezèdtan, ki dwe sipòtè atravè yon ekspansyon pwogram ankourajman an blòk espesifik NYSERDA nan rejyon ki egziste deja;
3. Itilizasyon omwen 35 pousan finansman pwogram nan pou sipòtè pwojè ki bay avantaj pou Kominote Defavorize (Disadvantaged Communities, DAC) yo epi ki vize rediksyon emisyon gaz fosil nan santral ki gen plis demand yo, ak rediksyon pwogram pou pwojè ki sitiye nan rejyon sid eta a, akòz gwo konsantrasyon DAC ak santral ki gen plis demand li a;

4. Mande sèvis piblik elektrik yo etidye potansyèl pwojè estokaj enèji ki gen anpil valè pou bay sèvis transmisyon ak distribisyon ki pa koute chè pa disponib kounye a atravè mache ki egziste deja;
5. Yon priyorite kontini pwogram ki deja egziste nan investi nan rechèch ak devlopman ki gen rapò ak teknoloji estokaj enèji ki fyab epi ki dire lontan; ak
6. Peman salè dominan kòm yon egzijans pwogramatik pou pwojè estokaj enèji ki gen yon kapasite yon megawat ak pi wo, sa ki montre angajman kontinyèl eta a pou estimile travay k ap soutni fanmi nan enèji pwòp la.

Yo prevwa elaji objektif estokaj enèji Eta a gen yon enpak mwayèn sou bòdwo elektrisite pou kliyan New York yo ki mwens pase mwatye en pousan, oswa apeprè 0.46 dola pa mwa. Plan an disponib pou kòmantè piblik sou [sit entènèt](#) Depatman Sèvis Piblik la, ak priz desizyon paralèl yo prevwa an 2023.

Estokaj enèji jwe yon wòl enpòtan nan sipòte rezo elektrik zewo emisyon New York la, lè li pèmèt entegrasyon gwo kantite enèji renouvlab, ede adousi pwodiksyon, diminye rediksyon, ak deplase pwodiksyon renouvlab kote ak lè li pi nesèsè. Apati novanm 2022, New York te bay plis pase 500 milyon dola pou sipòte apeprè 130 megawat estokaj enèji k ap opere nan eta a. Gen plis pase 1,300 megawat estokaj enèji adisyonèl nan kad kontra ak Eta a epi k ap avanse nan operasyon komèsyal yo. Pandan New York elektifye bilding yo, transpò ak itilizasyon final endistriyèl yo, akselere deplwaman estokaj enèji pral bay yon solisyon fleksib pou ede satisfè demann adisyonèl sa yo sou rezo a epi sipòte retrèt jeneratè gaz fosil eta a yo ki toupre fen lavi yo.

Dr. William Acker, Direktè Egzekitif, NY-BEST, te deklare, "Nouvo Plan Estokaj Enèji ki pibliye jodi a rekonèt wòl enpòtan pou estokaj enèji nan atenn objektif klimatik nou yo ak pèmèt yon rezo elektrik san emisyon epi mete New York sou wout pou deplwaye 6 GW (Jigawat) estokaj enèji dis 2030, sa k ap ranfòse pozisyon New York kòm yon lidè mondyal nan estokaj enèji ak djòb enèji pwòp k ap grandi nan eta a. NY-BEST felisite NYSERDA ak DPS sou plan konplè ak reflechi a epi nou pa ka tann pou nou travay avèk manm nou yo ak patnè Eta yo pou debouche anpil avantaj estokaj enèji nan rezo elektrik la."

Dr. M. Stanley Whittingham, Pwofesè Distenge nan Binghamton University ak Pri Nobèl nan Chimi pou devlopman batri lithium-ion (lityòm- ion) li an, te deklare, "Nouvo Plan Estokaj Enèji ki pibliye jodi a pral ranfòse Eta New York davantaj kòm yon gwo sant pou endistri estokaj enèji a. Soti nan devlopman nouvo pwodwi ak inovasyon rive nan komèsyalizasyon, fabrikasyon ak deplwaman sou mache pou estokaj enèji, New York te devlope yon ekosistèm solid pou devlope endistri ki pote transfòmasyon sa a."

Kyle Rabin nan Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Endistri estokaj enèji New York ki ap pran nesans lan dwe jwe yon wòl enpòtan nan tranzisyon enèji pwòp New York la, epi nou akeyi pwopozisyon sa

a pou sipòte kwasans endistri a. Nou pa ka tann pou nou travay avèk moun k ap pran desizyon nan New York yo pandan y ap rafine epi finalize Plan Estokaj Enèji 2.0 a epi fè l tounen pwogram sou teren an pou konstwi pwojè estokaj batri yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te fikse premye objektif estokaj 6 jigawat la epi kounye a li pwopoze plan pou rive la."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la te deklare, "Estokaj enèji enpòtan anpil pou avni enèji pwòp New York la, paske li rann sous renouvlab tankou enèji ewolyèn ak solè plis fyab ak distribiyab kote yo bezwen li, epi li se yon lòt sektè enfrastruktir vèt ankò ki pral kreye plizyè milye travay sendikal ki byen peye pou moun nou yo k ap travay di nan eta nou an. Devlopman responsab estokaj enèji a dwe non sèlman sipòte objektif enèji pwòp eta a ki tabli estanda yo, men tou, bay kòmèsan ak komèsant endistri konstriksyon sendika yo chemen dirab epi ki konplè nan yon karyè klas mwayèn ak avantaj, ki gen ladan peman salè dominan. Nou felisite NYSERDA paske li rekonèt faktè kle sa yo epi li dirije pwojè ak inisyativ ki kreye opòtinite ak establi pou manm nou yo, ki fondamantal nan lidèchip New York nan espas enèji pwòp la."

Julie Tighe, Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la te deklare, "Si New York vle atenn objektif klimatik li a k ap mennen nan nasyon an, n ap bezwen plis enèji pwòp k ap sikile nan bilding nou yo, transpò nou an, ak kay nou yo, epi yon pati enpòtan nan sa se asire nou gen kapasite estokaj ki nesèsè ki an plas. NYLCV fòtman sipòte sib ajou Gouvènè Hochul la pou 6 GW estokaj disi 2030, ansanm ak Kat Depo Enèji 2022 New York la ak apwòch ki ge plizyè aspè li a pou atenn nouvo sib sa a yon fason ki alafwa efikas ak jis sou plan anviwònman, e avèk yon angajman pou bay djòb salè ki dominan pou yo reyalize li."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 165,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2021, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon

objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisyè kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)